

## Enpòtan!

- Nenpòt moun kap chèche azil gen dwa pou jwenn pwoteksyon sante federal, PFSI (papye mawon).
  - Gendwa gen yon delè plizyè mwa ant nesans timoun nan ak resevwa kat RAMQ an
  - Antretan, si pitit ou a bezwen swen sante, yo ka mandew pou peye yo. Ou ka oblije avanse frè yo epi wap oblije mande yon ranbousman nan men RAMQ aprew fin resevwa kat pitit ou a.
- An prensip, lopital pa ta dwe fèw peye okenn frè, men si se konsa
- li posib pou dakò sou yon akò peman: lè yo resevwa kat RAMQ la, RAMQ ka ranbouse pèsònèl lasante dirèkteman.



Zouti sa a te pwodwi an kolaborasyon pa:



## Ou se yon moun kap chèche azil epi ou jis fè yon timoun nan Quebec?

### Pitit ou a gen dwa pou RAMQ depi li fèt!



- Nenpòt moun ki fèt nan Quebec gen sitwayènte Kanadyen
- Nenpòt moun ki gen sitwayènte Kanadyen e ki abite Quebec gen dwa pou jwenn pwoteksyon sante pwovens, kèlkeswa sityasyon paran yo.
- RAMQ se plan asirans sante Quebec.
- Pou tibebew la kouvri pa RAMQ, ou dwe ranpli pwosesis enskripsyon an.
- Pwosesis enskripsyon an ka pran tan, men tibebew la kouvri depi li fèt.

Men etap sa yo pou swiv

### ETAP 1 – Lè nesans, ou dwe anrejistre timoun nan ak Direktè Eta Sivil la (DEC) nan lesplas 30 jou.

Lè timoun nan fèt, lopital la voye yon batistè bay DEC epi bay paran yo yon kopi.

**Dat limit** : Ou gen 30 jou pou voye fòm deklarasyon nesans la bay DEC. Apre peryòd sa a, frè aplike.

Ranpli fòm deklarasyon nesans lopital la bay sou fòm papye

Bay anplwaye a fòm nan pandan livrezon an oswa postal nan adrès sa a :

**Directeur de l'état civil**  
2535, boulevard Laurier  
Québec (Québec) G1V 5C6

**Tanpri sonje** : Fòm sou entènèt la disponib sèlman pou paran kap chèche azil ki gen yon NAS epi ki gen yon kont ClicSÉCUR :

[https://www.etatcivil.gouv.qc.ca/fr/naissance/declaration\\_naissance.html](https://www.etatcivil.gouv.qc.ca/fr/naissance/declaration_naissance.html)

### ETAP 2 – Yon fwa yo resevwa dokiman yo, DEC pwodui yon batistè.

DEC konfimew pa lapòs ke pitit ou a anrejistre tout bon nan rejis eta sivil la epi li transmèt enfòmasyon yo dirèkteman nan RAMQ la.

**Tan** : Sa ka pran apeprè 30 a 45 jou pou DEC kontakte w.

Lèw resevwa lèt DEC a, tcheke si enfòmasyon yo egzat

Siw demenaje, rele DEC pou ba yo nouvo adrès ou a: **1 877 644-4545**

### ETAP 3 – RAMQ voye yon sètifika enskripsyon ou ak yon lis dokiman pou bay.

Pandan wap tann dosye pitit ou a ap trete, RAMQ ap ba ou yon sètifika anrejistreman tanporè ki pèmèt pitit ou a resevwa swen sante gratis.

**Reta** : Sa ka pran 4 a 6 semèn pou RAMQ kontakte ou. RAMQ voye yon sètifika anrejistreman ki valab pou 45 jou apati dat li te bay la.

**Tanpri sonej**: Pou pitit ou a benefisye RAMQ, ou dwe bay prèv entansyon pou rete Quebec pou plis pase 6 mwa: dokiman moun k ap chèche azil la se prèv ki admisib.

Envoyer une copie du document du demandeur d'asile (papier brun) à la RAMQ à l'adresse indiquée dans la lettre de la RAMQ.

Voye yon kopi dokiman moun kap chèche azil la (papey mawon) bay RAMQ nan adrès ki endike nan lèt RAMQ la : <https://www.adresse.gouv.qc.ca/inscrire/FormulaireChangementAdresse.aspx?Etape=0&Lang=fr>

### ETAP 4 – RAMQ etidye dosye a epi detèminen si timoun nan kalifye.

Si pitit ou a elijib, RAMQ ap voye kat asirans sante li a (ke ou ka montre pou pitit ou a ka resevwa swen gratis)

**Tanpri sonej**: Pa bezwen pran yon foto timoun nan pou kat RAMQ la jiskaske yo gen 14 an.

Asirew ke adrès ou ajou pou resevwa kat RAMQ pitit ou a